

**Akademi sou Entènèt Miami-Dade  
Miami-Dade County Public Schools  
Pwogram Enstriksyonèl K-12 Akredite  
*Nou ap aksepte aplikasyon pou  
Ane lekòl 2017-2018  
kòmanse 6 mas 2017!***



***Lekòl ap lantan sou Entènèt la  
bon pou ou:***

- ... si elèv ou a motive e li ka aprann poukont li...
- ... si elèv ou a òganize e li responsab...
- ... si elèv ou a toujou fè travay li alè...
- ... si elèv ou a santi li alèz pou li mande pwofesè l èd...
- ... Elèv ou a kapab li nan yon nivo lekti mwayèn oubyen ki depase mwayèn...
- ... si elèv ou a ak fanmi li konfòtab avèk teknoloji...
- ... si elèv ou a gen yon plas byen detèmine kote li ka etidye san yo pa entèwonp li...

Si ou reponn “Wi” pou tout kesyon yo, **“Miami-Dade Online (MDO) Academy” (Akademi sou Entènèt Miami-Dade)** se lekòl leta IDEYAL pou fanmi ou! Akademi sou Entènèt Miami-Dade sèvi elèv “K-12” (Jadendanfan – 12yèm Ane Eskolè) elijib ki abite nan distri a. Akademi MDO detèmine pou li kreye yon anbyans aprantisaj sou Entènèt ki konsantre sou elèv pou yon popilasyon elèv ki divèsifye e ki angaje yo nan yon kourikoulòm kalite siperyè sou Entènèt



Akademi sou Entènèt Miami-Dade ofri:

- Enstriksyon sou Entènèt Aplentan
- Jadendanfan – 12yèm Ane Eskolè
- Kou Onè, Anwolman Doub, ak Kou ‘AP’ Lekòl Segondè
- Yon Diplòm Lekòl Segondè

Akademi MDO ouvri pou tout elèv, ki gen ladan elèv ki “gifted” (gen don), ki enskri nan kou Akademik Avanse, ki enskri nan prevansyon kont “drop-out” (abandone lekòl), entèvansyon akademik, ki enskri nan klas Anwolman Doub, oubyen ki enskri nan pwogram Depatman Jistis Jivenil, depi yo satisfè lòt demand elijibilite.

***Aplikasyon pou ane lekòl 2017-2018 yo ap disponib 6 mas pou 21 jiyè 2017.***

*Ranpli aplikasyon ou sou Entènèt kòmanse 6 mas 2017, nan <http://mdo.dadeschools.net/> Pou enfòmasyon rele 305-995-2831.*

